

COVERME.GOV - ASIRANS SANTE KI A BON MACHE, KREYE PA MAINE POU REZIDAN MAINE YO

Ekonomize lajan ak tan pou achte asirans sante atravè CoverME.gov.

Enskripsyon ouvè pou asirans sante 2023 la! Enskripsyon nan CoverME.gov kòmanse nan 1ye Novanm 2022 epi lap fini 15 Janvye 2023. Avèk plis opsyon ak plis ekonomi ki disponib pase toutan, CoverME.gov se kote pou moun nan Maine jwenn pi bon plan asirans sante pou fanmi yo. Ane pase, plis pase 80% konsomatè te resevwa asistans finansye pou asirans sante yo atravè CoverME.gov. Ane sa a pral bay plis opòtinite pou ekonomi, kidonk li enpòtan pou w aplike pou asistans finansye, menmsi ou pa t kalifye nan tan pase.

ATRAVÈ COVERME.GOV, OU KA JWENN YON PLAN SANTE AVÈK:

- + Prim mansyèl osi ba ke kèk dola pa mwa
- + Frè ranbousab ki ba
- + Bon jan kalite kouvèti asirans konplè pou pwoteje oumenm ak fanmi w sizoka ta gen gwo maladi oswa aksidan
- + Asirans sante ki pa ka refize w oswa fè w peye plis pou kondisyon ki te deja egziste yo

Enskri jodia nan CoverME.gov!

JWENN ÈD GRATIS NAN MEN ESPESYALIS ENSKRIPSYON LOKAL YO POU APLIKE.

OU PA GEN ASIRANS SANTE NAN TRAVAY OU? COVERME. GOV LA POU EDE

Asirans Sante nesesè pou kenbe fanmi w ansekirite – alafwa fizikman ak finansyèman. CoverME.gov bay rezidan Maine yo yon fason senp pou yo jwenn bon jan kalite asirans sante abòdab

Enskripsyon ouvè pou asirans sante 2023 la! Enskripsyon nan CoverME.gov kòmanse nan 1ye Novanm 2022 epi lap fini 15 Janvye 2023. Avèk plis opsyon ak plis ekonomi ki disponib pase toutan, CoverME.gov se kote pou moun nan Maine jwenn pi bon plan asirans sante pou fanmi yo. Ane pase, plis pase 80% konsomatè te resevwa asistans finansye pou asirans sante yo atravè CoverME.gov. Ane sa a pral bay plis opòtinite pou ekonomi, kidonk li enpòtan pou w aplike pou asistans finansye, menmsi ou pa t kalifye nan tan pase.

ATRAVÈ COVERME.GOV, OU KA JWENN YON PLAN SANTE AVÈK:

- + Prim mansyèl osi ba ke kèk dola pa mwa
- + Frè ranbousab ki ba
- + Bon jan kalite kouvèti asirans konplè pou pwoteje oumenm ak fanmi w sizoka ta gen gwo maladi oswa aksidan
- + Asirans sante ki pa ka refize w oswa fè w peye plis pou kondisyon ki te déjà egziste yo

Enskri jodia nan CoverME.gov!

JWENN ÈD GRATIS NAN MEN ESPESYALIS ENSKRIPSYON LOKAL YO POU APLIKE.



COVERME.GOV AK NOUVO MAINERS



Ekonomize lajan sou depans swen sante w yo nan CoverME.gov – Mache Asirans Sante Maine.

Enskripsyon ouvri pou asirans sante isit la. Lè pou enskri se ant 1ye Novanm ak 15 Janvye. Ane sa a, gen plis èd finansye ki disponib pou rann asirans pi bon mache. - pou plis moun - pase toutan anvan Sou CoverME.gov, ou ka konpare opsyon plan yo, aplike pou èd finansye, epi jwenn èd pou w enskri nan yon plan ki adapte bezwen ak bidjè w.

Gen èd lokal gratis ki disponib nan plizyè lang pou aplike pou èd finansye pou peye asirans sante.
Rele: (866) 636-0355; TTY 711. Pou lang ki pa Angle, chwazi opsyon 4.

ESTATI IMIGRASYON AK COVERME.GOV

- + *Lè w aplike, sa p ap gen enpak sou estati imigrasyon w oswa sou sitiayson fanmi w.*
- + *Yon konsomatè pa oblige yon sitwayen ameriken oswa yon resòtisan ameriken pou enskri nan yon plan sante ki kalifye (QHP) atravè Mache a. Imigran ki prezan legalman epi ki satisfè lòt kondisyon kalifikasyon debaz yo ka elijib pou pwoteksyon atravè Mache a.*
- + *Aplikan sa yo ka elijib tou pou èd finansye atravè Mache a, tou depannde kèk kritè kalifikasyon adisyonèl, tankou revni kay la ak gwosè fanmi an.*
- + *Dokimantasyon sou sitwayènnte oswa estati imigrasyon sèlman nesesè pou moun k ap aplike pou asirans sante, pa pou lòt moun yo nan kay la.*
- + *Ajans gouvènman yo p ap itilize enfòmasyon konsomatè yo bay pou aplike lwa oswa règleman sou imigrasyon.*



KÒMANSE
NOUVO ANE A AK
YON PWOTEKSYON
SANTE.





JWENN ÈD POU PEYE POU
ASIRANS
SANTE.





**NOUVO AÑE,
NOUVO REGLEMAN
PWOTEKSYON SANTE AN 2023
SENPLEMAN VIN PI ABÒDAB.**





VIZIT NAN KLINIK DOKTÈ
W LA KOUVRI.

